ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№132 (23.290) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ республикэм и къалащхьэр зэIуэзэпэщ щIыным хуэгъэзауэ нэхъапэм яхуигъэувауэ щыта пщэрылъхэр зэрагъэзащIэм теухуа зэIущIэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэр зытеухуауэ щытар республикэм и къалащхьэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэзауэ Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм пщэрылъ ящищIакъэр зэрагъэзащIэр къэпщытэнырщ.

АБы ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм, Налшык къалэ округым и администрацэм, КЪБР-м Гъэсэгъ хозяйствэмкIэ и управленэм, КЪБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым, КЪБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъплъынымкIэ и къэрал комитетым, КЪБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м я лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм кууэ щызэпкърахащ Щоджэнцыкlым и уэрамыр егъэфIакIуэнымрэ Къэбэрдей уэрамыр лъэс зекIуапIэ щIынымрэ хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэр.

Гупъытэ хэха хуащIащ къалэм и гъуэгу, транспорт инфраструктурэм, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм зегъэужьыным, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр зыхуей хуэгъэзэным. ИкIэщIапIэкIэ зэгугъун хуейхэм ящыщу къыхагъэщъхьаукIащ унэхэр зэрагъэпlль псы пщтырыр зрикIуэ бжьамийуэ жьы дыдэ хуэхэр зэхъуэкIыным, уэлбанэшхуэхэм деж уэшхыпсыр зэрыщIэж бжьамийхэр зэгъэпэщыжьным.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщъхьаукIащ а лэжьыгъэ псори зэуIуу, къалэдэсхэр зыщIэупщIэхэм къезэгъыу икIи фIыуэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр. КЪБР-м и Правительствэм, Налшык къалэм и администрацэм абы яхуигъэуващ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну планхэмрэ дэтхэнэ зы Iуэхумкlи жэуап зыхь къулыкъущIэхэмрэ щыгъэбелджыла тхыльхэр бадзэуэгъуэм и 15-м фIэмыкIыу хьэзыр ящIыну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Дыгъуасэ

УнэщIэ хъуэхъухэр

Налшык къалэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту дыгъуасэ щатащ «Лотус-сити» псэупIэ комплекс зэпэщым и япэ унэр. Ар Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тетщ. КъБКъУ-м и еджапIэ къалэ цIыкIум пэжыжьэхьым.

УНЭР ЗЫУХУЭ «Строй-сити» ООО компанием абы щыщ фэтэрибл хухихащ я псэупIэр ирагъэфIакIуэнымкIэ зыдэIэпыкъупхъэ къалъытэ цIыхуиблым иратын папщIэ.

Ухуакlуэхэмрэ унэщIэм щIэсынуэмрэ екъуэхъуну зэхуэсым зрагъэхьэлIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщl **Мусуков Алий**, Правительствэм хэтхэр, КЪБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iухуэмкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Налшык къалэ округым и администрацэм и лIыкIуэхэр.

Къызэхуэса хьэщIхэм я пащхьэ къыщыщIэпсалъэм Мусуков Алий къыхигъэщащ «Лотус-сити» псэупIэ комплексыр зэраухуэр сыткIи зыхуей хуэзэу цIыхуэхэр псэунымкIэ бизнесым ихь жэуаплныгъэр зэрызыхищIэм, иужьрей зэманым куэдрэ зытепсэлъыхьым, и щыхьэт нэсу зэрыщытыр икIи ухуэныгъэр адэкIи тэмэму екIуэкIыну екъуэхъуащ.

Къызэкуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ унэр зыухуэ компанием и генеральнэ директор **КIэрашэ Самирэ** ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ**.

«Лотус-сити» псэупIэ комплексыр 2013 гъэ лъандэрэ яухуэ, абы гектар 1,9-рэ еубыд, псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатlэ мин 30 хъу фэтэр 345-рэ хэтщ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы хэтынущ автомобиль 350-рэ зыщIэхуэну гъэувыпIэ, сабий джэгупIэ, сабий сад, тыкуэнышхуэхэр, жыг махуи лажьэну тыкуэнхэр, спортым дихьэхэм зыщагъэсэн щIыпIэхэр, щIыхьэпIэ къэс лифт тIурытI, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэми къайМыхьэлъэкIыу къагъэсэбэпыным хуэщIауэ, щагъэувынущ,

ИУАН Руслан.

♦ЦIыхухэр къызэрырашэкI къхьухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапIэ Суэттехым и махуэр

♦Белоруссием и налог Iэхуэщlапlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щригъэкIуэкIа зауэм хэкIуэдащ Къундет зэшхэр - **Чэлимэтрэ Елдаррэ**.

♦1783 гъэм Бытырбыху къыщызэIуахащ Театр иныр, иужькIэ Мариинскэ цIэр зыфIащыжар.

♦1917 гъэм Япэ дунейпсо зауэм химие Iэщэ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Германием, инджылызэмрэ франджызхэмрэ я дзэхэм я бгъэрыкIуэныгъэр къызэпиудын мурадкIэ, дунейм зэи къыщымыхьуауэ, химие Iэщэ Бельгием и къалэ Ипр деж къыщигъэсэбэпащ. Зауэр щекIуэкIа щIыпIэм и цIэр фIащауэ щытащ а щхъуэх лIэужьыгъуэм.

♦1943 гъэм Прохоровкэ къуажэм деж щекIуэкIащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыпэхъ гуащIэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитIми я танкхэр щызэпэщIэта зауэр.

♦Чилим щыщ усакIуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Нерудэ Паблэ (и цIэ дыдэр Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ)** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КЪБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI **ТхьэкIумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦Сценарийхэр зытх, кинорежиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Социологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Дзюдо спорт лIэужьыгъуэмкIэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Домогаров Александр** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЦIыхум фIыуэ ялъагъур насыпыфIи мэхъу.

● ГуфIэгъуэ зэхьхьэхэр

Щапхъэ къагъэлъагъуэ

Налшык и Театр щхьэантIэм бадзэуэгъуэм и 9-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 2016 гъэм диплом плъыжькIэ къэзыуха щIалэгъуалэ гупышхуэ. Псори зэхэту ахэр цIыкIум пэжыжьэхьым.

Ректор Алътуд Юрий диплом плъыжьыр Шыбзыхъуэ Астемыр ирет.

ЩIЭНЫГЪЭФI зыгъуэта ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуну гуфIэгъуэ пшыхьым къекIуэлIат КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, абы къепха институтхэм, колледжхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр.

КъБР-м и Гимнымрэ «Университет вальс»-мрэ гур хагъахъуэу ину ягъэIуа нэужь, утыкум кьихьащ пшыхьыр екIуу езыгъэкIуэкIахэу, илъэс зэхуэмыдэхэм университетым и студенту щытахэу Аттаев Азнор, МафIэдз Линэ, Васильченкэ Денис, Жабеловэ Гульнарэ сымэ. Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэза нэужь, абыхэм утыкур хуит хуащIащ КъБКъУ-м къафэмкIэ и театр «Каллисто» гупым. Адэкlэ псалъэ ираташ КъБКъУ-м и ректор, техникэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Алътуд Юрий**.

- Нобэ гъащIэм хэуву Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэм сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу мыпхуэдэ махуэшхуэмкIэ - университетыр ехъулIэныгъэкIэ къызэрыухамкIэ, щIэныгъэ лъагэ зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэ диплом плъыжьхэр къызэрыватыжьымкIэ! А къэрал дэфтэрыр я щыхьэтщ игъащIэкIэ сэбэп къыфхуэхъуну щIэныгъэ куур зэвгъэгъэутыным фэ ефхьэлIа къаруэм, зэфIэкIхэм, абыкIэ фхэлъ ерыщагъым. Си фIэщ мэхъу: а щIэныгъэ лъагэр, фи зэфIэкI инхэр зэман куэд дэмыкIыу фэ хуэвгъэпсынущ ди республикэм, къралым я зыужьныгъэм, - жиIащ ректорым. - Апхуэдэу университетым и егъэджакIуэхэм сынывохъуэхъу, студентхэм щIэныгъэ куу зэревгъэгъуэтам папщIэ; дызэрыгушхуэ мы ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ яхуэощI, ди еджапIэ нэхъыщхьэр я бынхэм къыхахьынымкIэ чэнджэщ ирату абы щIэныгъэ нэхъыщхьэр я Iэщlагъэфlрэ зэрыщраргъэгъуэтам щхьэкIэ. Щlалэгъуалэм иджыри зэ захуэгъаазэри яжьзоIэ: фыкъыщымыувыIэ фызднэса льагапIэм, адэкIи зыIэрывгъэхьэ екъулIэныгъэщIэхэр, фахуэпабгъэ текIуэныгъэщIэхэм! Гъэгу махуэ, ди ныбжьэгъухэ!

Алъгудым щIалэгъуалэр къыхуриджащ еджапIэ нэхъыщхьэм и гъащIэм адэкIи хэтыну, КъБКъУ-р къзыухахэм я зэгухьэныгъэм кьихьну. ЕгъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ гуапэу екъуэхъуащ адэ-анэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьыгъуэхэр. Еджэныр екъулIэныгъэкIэ зэфIэзыха, диплом плъыжьыр яIыгъыу гъащIэм кьихьа ныбжьыщIэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ псалъэхэр яхуэгъэзаат щIэныгъэ куур щызэрагъэгъуэтым дапщэщи гъэугъэлъагъуэу яIа я егъэджакIуэхэм, кураторхэм, еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэм.

Пшыхьыр зыхуэгъэзахэм папщIэ уэрэд дахэхэр, къафэ екIуэхэр ягъэзэщIащ КъБКъУ-м и «Амикс» театрым, университетым къафэмкIэ и цIыхубэ ансамбль «Къафэм», «Импульс» гупым. Гуфlэгъуэ зэIущIэр я макъ жьгъыруэхэмкIэ яIэтащ абы и хьэщIэ лъапIэхэу, КъБР-м и артист цIэрыIуэхэуИслъамрэ КIыщ Каринэрэ.

Зэхуэсым и кIэухыу абы хэтахэм уафэм драгъэлъэтеящ «КъБКъУ-м и ваГъэбэ» зыфIащa шар гъэпщащэр. Ар зэрызэхэт «вагъуэ» ину 12-мрэ нэхъ цIыкIыIуэ 447-мрэ къагъэлъагъуэрт университетым и къудамэхэмрэ ахэр мы гъэм екъулIэныгъэ лъагэхэмкIэ къэзыуха ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэхэр.

ЖЬЫЛАСЭ Маритэ.

«Спартак-Налшык» - «Кубань» (Краснодар) - 0:0

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуэпшыхь Налшык щызэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ къриклуащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Кубань»-мрэ я зэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУИслъам.

● Хэхыныгъэ-2016

Щоджэн Роберт япэ увыпIэм щытщ

УФ-м и Президентым деж Хьэрычэтыщlэхэм я хуитныныгъэхэм къащхьэщыжьынымкIэ щыIэ уполномоченнэ Титов Борис иджыблагъэ Налшык къалэм къыщыкIуам журналистхэм зэражриIамкIэ, ар езыр зи пашэ «Хэхъуэныгъэ партым» и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ спискэу хэхыныгъэхэм ирихьэлIэу игъэхьэзырам япэ увыпIэр Щоджэн Роберт щIыгъуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм къыщалъхуа, хьэрычэтыщlэ Iэкlуэлъакlуэ Щоджэныр политикэ Iэзэхуэм иджыри къэс хэтакъым. Ауэ иджы хэхыныгъэхэм щIыхьхьам и щхьэусыгуэр абы щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зэрилъагъурщ икIи экономикэм щекIуэкI Iуэхуэхэр тэмэму къызыгурыIуэ, лэжьапIэ Iэнатlэхэр къызэзыгъэпэщ, налогхэр бюджетым хэзылъхьэ, иджырей технологиехэм щыгъуазэ бизнесмен нэсхэр зэщIэзыгъэуIуа партым щIэгъэкъуэн нэс хуэхъуну зэримурадырщ.

Партым мэкъуауэгъуэм и 4-м Москва къалэм щригъэкIуэкIа съездым къыщащта унафэм ипкъ иткIэ зы мандаткIэ Iэ щаIэт округкэм щыхахын папщIэ кандидати 162-рэ къыгъэлъэгъуащ. Абы и федеральнэ спискэр щIыналъэ гуп 35-уэ гуэшыжащ (законым къызэригъэувымкIэ, дэтхэнэ партми и щIыналъэ гупхэр а бжыгъэм нэхърэ нэхъ мащIэу щытын хуейкъым.

● Гъуэгу къежьапIэ

Iэнатlэ зымыгъуэтхэр

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм лэжьыгъэ щIамыгъуэт щхьэусыгуэмрэ абы и хэкIыпIэхэмрэ.

ЖЫЛАГЪУЭ Iуэхумрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэнымрэ ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIам папщIэ, зэIущIэм ипэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщlым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ къыхуагъэфащащ Iуэхущlапlэм и Щlыхь тхьапшэр.

Бзыльхугъэм къыхуащIа гулъытэмкIэ фIыщIэ яхуищIа нэужь, зэIущIэр зытраухуа Iуэхум техуауэ ар къэпсэльащ. Псом япэу абы къыхигъэщащ щIалэгъуалэ жьыдэр, лэжьыгъэм щIэхъуэпс дыдэр, щыпIэ унафэщIхэм абыхэм гулъытэ хуащIын зэрыхуейр. Бжыгъэхэм къыщытеувыIэм, Федченкэ Людмилэ жиIащ еджэн, лэжьэн мурад яIэу республикэм икI щIалэгъуалэм я нэхъыбэм къызэрамыгъэзэжыр, абыхэм я бжыгъэм республикэм зэрыщыхэщIыр.

- Псом хуэмыдэу зи гугъу тщIы Iуэхур къалэхэм нэхъыбэу щынэрылъагъущ. Къапщтэмэ, 2010 - 2014 гъэхэм къриубыдэу, щIалэгъуалэм я бжыгъэр мин 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Урысей статистикэм 2015 гъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу щIалэгъуалэм я процент 11,9-р лэжьапIэншэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэхэр процентэ 10,1-м ноблагъэ. ГурыIуэгъуэщI абы зыгуэркIэ зедмыгъэхьуэжмэ, хэщIныгъэшхуэ зэрыдгъуэтынур. ЩIалэгъуалэр Iуэхуншэмэ, щIэпхъыджагъэ ялэжьынкIэ шынагъуэщ, къищынэмыщIауэ, щыналъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэри къелъахъэ, - жиIащ Федченкэ Людмилэ. Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэу Iэнатlэ зымыгъуэтхэр зэрыкъудым. «Лэжьыгъэм пщIэ зэрыпымылъыжьымрэ хуэфащэ улахуэ къызэрыпэмыкIуэжымрэ щIалэгъуалэр нэхъри пэIэщIэ хуещI Iуэхум», - дыщIигъащ къэпсэлъам.

ЩIалэгъуалэм я нэхъыбэр лэжьапIэншэ щIэхъуи и щхьэусыгуэ нэхъыщхьэр Федченкэ Людмилэ къигъэлъагъуащ: еджапIэ нэхъыщхьэ къэзыухахэм Iэнатlэ я зэтырыкъым: щIалэгъуалэм ядалажьэ Iуэхущlапlэхэр зэрыщIэркъым, зэдзIэпыкъуркъым; КъБР-м социально-экономикэ зыужьныгъэ игъэтын папщIэ егупсысауэ лэжьакIуэхэр ягъэхьэзырыныр зэгъэуIуа хъуркъым. ЩыIэщ нэгъуэщI щхьэусыгуэхэри.

Федченкэ Людмилэ къытеувыIащ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуным теухуауэ республикэм и Правительствэм къищтэ унафэхэми. Апхуэдэу 2008 гъэм яубзыхуащ «КъБР-м и хьэрычэтыщIэ ныжьыщIэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ» унафэр. Абы ипкъ иткIэ ахъшэ ират еджапIэ курыт, нэхъыщхьэ щIэсу е къэзыхуауэ ильэс 30-м зи ныбжьыр нэмысахэм езыхэм я Iуэху къызэрагъэпэщын папщIэ. 2013-2015 гъэхэм къэралыр ядэIэпыкъуащ цIыху 552-м. Федченкэ Людмилэ жиIащ ар зэрыIэмалыфIыр, ауэ абыи зэхъуэкIныгъэшхуэ къызэрыпэмыкIуэр. «Хэти ещIэ, хьэрычэт Iуэхум дэтхэнэри зэрыдимыкIыжьыр икIи зэрыкъэмызагъэр. Сэ жысIэну сызыхуейращи, а лэжьыгъэми къыриклуэр мащIэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, муниципальнэ районхэм псоми зэхуэдэу а ахъшэр зэрытрамыгуашэри», - къыхихащащ къэпсэлъам.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI Афэщагъуэ Къантемыррэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Водопьянов Александррэ къызэрыкъагъэщамкIэ, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм зи гугъу ящI Iуэхугъуэм теухуауэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIыжьми, гугъуехьхэр куэду щыIэщ. Псом хуэмыдэу ахэр нэхъыбэу зэпхэр зэфIэкI зиIэ Iэщlагъэлlкlэр зэрымащlэр къызэрыгъэкI лэжьыгъэм пэрыувэну хьэзыр щIалэгъуалэ зэрыщымыIэмрэщ. ЩIалэгъуалэм куэду яхэтщ юридическэ, экономическэ, социальнэ лэжьакIуэ Iэщlагъэ зиIэхэр. Абы щыгъуэми, республикэм и Iуэхущlапlэхэр кьанэ щымыIэу щощIэ лэжьакIуэ къызэрыгъэкIхэм. Къэпсэлъахьэм къызэрыхагъэщамкIэ, щIалэгъуалэр рабочэ Iэщlагъэхэм щыдимыхьэхьжьыр Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэм Лэжьыгъэм и кодексыр къызэрырамыдзэжьыщ. Зэгурыlуэныгъэ ирамыщIыпIэу я щIэщтэ лэжьакIуэхэр зыхуей хуэзэркъым, я улахуэри мащIэщ.

Iэнатlэкlэ къызэзыгъэпэщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым и къуэдзэ Гуэбэщыкl Жантемыр жиIащ: «Мы зэманым хьэралым и щIыхухэм Iэмалыфlхэр ярет езыхэм я Iуэху къызэIуахыжьынымкIэ. Зи гугъу сщIыр мэкъумэш-фермер Iэнатlэ къызэзыгъэпэщхэрщ. Шэч хэ мыIуэ, ар къуажэдэс щIалэгъуалэм дежкIэ Iуэхуфlщ. Нэхъыщхьэр, абыхэм зэран дахуэмыхьунымрэ защIэдгъэкъуэнымрэщ».

ЩIалэгъуалэр Iэнатlэкlэ къызэрызэмыгъэпэщам пыщIа гугъуехьхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ КъБКъУ-р къзэзыухэр Iэнатlэкlэ къызэзыгъэпэщ и центрым и унафэщI Шэфий Аслъэн.

ЗэIущIэм щыжаIар къыщызэщIакъуэжьым, жылагъуэ лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ езы щIалэгъуалэри нэхъ жьыдэру зэрыщытыпхъэр, щIэныгъэ зэгъэгъуэтным Iэхъуэгъуэтрэкlыу бгъэдыхьэ зэрымыкъунур.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● КЪБР-м и Парламентым

Сыт хабзэхэм щIэуэ халъхьар?

Иджыблагъэ Парламентым къыщащтащ «КЪБР-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Законыр. Абы иIэ мыхьэнэр къэтлъытэри, щIэуэ къащта дэфтэрым тедгъэпсэлъыхьащ республикэм хабзэгъэуэ Iэнатlэм Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узынишагъэр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хьусен.

- КЪБР-м и закон щхьэхуэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр сыт къызыхэкIар? Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ абы?

- КЪБР-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэтлъхьэныр кьишащ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдэкIа - «Социальнэ дэIепыкъуныгъэр цIыху щхьэхуэхэмрэ абы хуэныкъуэмрэ зэрыратым кIэлъыплъынымрэ ар егъэдгIэкIуэнымрэ теухуауэ УФ-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным» федеральнэ Законым. Къапщтэмэ, республикэ законодательствэр федеральнэм тедгъахуэу аращ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ехьэлIащ социальнэ дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэм ар игъэкIуэнкIэ игъэтыным. Законым къегъэув социальнэ дэIепыкъуныгъэм папщIэ щыIэ Iэмалхэм текIуадэ мылъкур гъэмэщIэныр. Абы къыдэхуэнур нэхъ зытегъэкIуэдапхъэм трагуэшэжынуц.

- ДыззрыщыгъуаззмкIэ, закон зэрагъэзэхуэжам къегъэув къуажэхэм щыпсэу егъэджакIуэхэм я унэхэр ягъэплъыныгъэ электрокъарумрэ щIат пщIэм щыщу мазэ къэс хуапшыным нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ къыхуагъуэтын хуейуэ. Абы щхьэхуэу укъытезгъэувыIэнут.

- 2013 гъэм жпэугъуэм и 26-м къыдэкIащ «Федеральнэ къэрал Iуэхущ1анIэ щылажьэу къуажэхэм щыпсэу егъэджакIуэхэм я унэр ягъэплъыныр уэздгъэмрэ трагъэкIуадэм щыщ хуапшыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэ. Абы къегъэув егъэджакIуэ къэс иратыр сом 1200-рэ хъун хуейуэ. 2016 гъэм зы егъэджакIуэм хуэзэу иратыр ику иту сом 1197-рэ хъурт. Абы тебгъащIэмэ, егъэджакIуэхэм зыри яфIэкIуэдакъым.

- Законым мардэщIэ халъхьащ: зи ныбжьыр илъэс 70-80 хъуэхм щыпсэу зэрахьэным щIатын хуей ахъшэм щыщ мазэ къэс хухалъхьэнущ. Дауэ ар зэращIынур?

- Зи закъуэ псэу пенсионерхэу зи ныбжьыр илъэс 70 хъуэхм капремонтым халъхьэ ахъшэм и процент 50-р щхьэщхьэныщ, илъэс 80 хъуэхм псори хуатынущ. КъищынэмыщIауэ, зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа пенсионер зэрыс унагъуэм пенсэ ныбжьым нэсауэ мылажьэ щыпсэумэ, процент 50, илъэс 80 хъуэ пенсионер зиIэхэм - псори хуатынущ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ 2016 гъэм щIышылэм и 1-м къащта «УФ-м и ПсэупIэ кодексым и 169-нэ статьямрэ «УФ-м щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм ящащхьщхьнынымкIэ федеральнэ Законым и 17-нэ статьямрэ» я пщалъэхэм хуагъакIуэу. Компенсацэр кьаззрыIэрыхьэну щыкIэхэр подзаконнэ актхэм къыщащыхьащ.

- «Лэжьыгъэм и ветеран» зэрыфIащыр дапхуэдэу?

- «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр фIащыныщ СССР-м е УФ-м и орден, медаль, цIэ лъапIэ зиIэхэм, зы лэжьыгъэ IэнатIэм илъэс 15 е нэхъыбэкIэ пэрытахэм, пенсэ ягъэуныным папщIэ хуагъэбелджьыла илъэс бжьыгъэр (цIыхухъуэм илъэс 25 мынэхъ мащIэу, бзылъхугъэхэм - илъэс 20) зиIэхэм.

НэгъуэщIу жыпIэмэ, «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр къэблэжьыныр нэхъ гугъу хъуащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ иджыпсту а цIэр зиIэхэм кьаззрыхуэнэжьыр, ахъшэу иратри кьаззрыIэрыхьэнур.

- Сабий садхэм зи бын зыгъакIуэ адэ-анэхэм ящыщу хэт сымэ зыдэIэпыкъунур?

- КЪБР-м ущыпсэуф щхьэкIэ нэхъ мащIэу узыхуеину ахъшэм хуэдиз унагъуэм иц дэтхэнэми хуэмызэмэ, апхуэдэхэм ядэIэпыкъунущ. Зи гугъу тщIы ахъшэр социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ Iуэхущ1анIэм зэратыну щыкIэр КЪБР-м и Правительствэм игъэбелджлынущ.

- Законыщ1эм къару щигъуэтынур сыт щыгъуэ?

- 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м.

БАТЫР Любэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ, ныкъуэдыкъуэхэм я Iуэхухэмкlэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым и унафэщI Дадэ МуIэед иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ министерствохэмрэ ведомствохэмрэ, республикэм и щIыналъэхэмрэ къалъэхэмрэ я администрацIэхэм, «ЦIыхубэ фронт», «Урысейм дрителъхьащ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм я лIыкIуэхэр.

ЗИ УЗЫНШАГЪЭР мыщIагъуэхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныкIыр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныкIыр зэрыщIэтыр къэкIуэнымрэ теухуауэ къэпсэльащ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Асанов Алим**. Абы къыхигъэщащ жыв хъуахэм я узыншагъэр илъэс къэс къызэрапщытэр, кьызэуэзакIэ зэрагъэхъужьыр, зэрызыкIэлъыплъыхьынум теухуауэ чэнджещхэр зэрыраратыр.

- Республикэм и медицинэ Iэхущ1ыкIэхэм я учётым щытщ ныкъуэдыкъуэ 57740-рэ. 2015 гъэм абыхэм я процент 91,2-м я узыншагъэр зыхуэдэр кьапщытащ, - жиIащ Асановым, - ныкъуэдыкъуэхэм сымаджэщхэм щIэзэ, абы емыкIуэлIэфхэм я унэм макIуэ медицинэм и лэжьакIуэ гуп.

Узыфэ хьэлъэ зиIэ хущхъуэр пщIэнэжщ щрат антекэ 22-рэ республикэм итщ.

Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитныгъэм теухуа конвенцэм игъэта зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, УФ-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм кьызэращтам, ахэр гъэзэщIа зэрызым я гугъу ищIащ КЪБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. Министрым жиIащ абы теухуауэ КЪБР-м и законым и проектыр зэрагъэхьэзырар, ар КЪБР-м и Парламентым къызэрыщтар. КЪБР-м и Правительствэми игъэбелджьылащ ныкъуэдыкъуэхэм 2015 - 2020 гъэхэм Iуэхутхьэбзэу хуэзфIахынур зыхуэдэр.

ЗэхъуэкIыныгъэ ягъуэтащ КЪБР-м и нэгъуэщI законхэми: библиотекэ Iуэхум, щэнхабзэм, щIыпIэ самоуправленэхэм я депутатхэм я хэхьныгъэхэм, КЪБР-м и референдумым, щIыпIэ референдумым, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм я хэхьныгъэхэм ятеуухуахэм. А зэхъуэкIыныгъэ псори щIыхьалъхьэр ныкъуэдыкъуэхэм я хуитныгъэхэр кьаГъэсэбэныфын папщIэщ.

Ныкъуэдыкъуэхэм хуащIапхъэ Iуэхутхьэбзэхэр зыгъэбелджьылы законхэм я хъьбар итщ КЪБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и сайтым.

- УФ-м Лэжьыгъэмкlэ и министерствэм кьытщищIа пщэрылъым тету, 2017 гъэ пщIондэ зэфIэтхыну дыдэзыхуар «Доступная среда в КБР» къэрал программэу 2015-2020 гъэхэм тещIыхьам, - жиIащ министрым.

КЪБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм гуп кьызэригъэпэщащ мы гъэм и пэм щегъэжьауэ ныкъуэдыкъуэхэм яхуэщIапхъэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэфIэкIым кIэлъыплъыну. Республикэм и райониблым щагъэбелджьылащ абы теухуауэ ящIапхъэр.

«Доступная среда» программэм, ар республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъуэм теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэхэм я лэжьакIуэхэр.

«Доступная среда» программэм текIуадэщ федеральнэ, щIыпIэ бюджетхэм кьыхэкIа мылъкуу сом мелуанихрэ мин 710-рэ. АбыкIэ ягъэзэщIа лэжьыгъэхэм ящыщщ ныкъуэдыкъуэхэр псэун папщIэ зыхуэИ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр, ахэр гъащIэм хэгъуэзэн папщIэ зыхуеину техникэр кьаХуэзгъэпэщыныр, апхуэдэхэм сэбэп яхуэхъы жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэм папщIэ семинархэр егъэкIуэкIыныр, ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм иригъэлIэу «Белая трость» зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIыныр.

Тюбеев Альберт кIэщIу кьытеувыIащ апхуэдэ лэжьыгъэхэр муниципалитетхэм зэрыщагъэзащIэм, министерствохэмрэ ведомствохэмрэ абы теухуауэ щыIэ зэхъуэкIыныгъэхэм.

Сабий-ныбжьыщIэ спорт-хэзыгъэгъуазэ школыр зыхуей хуэгъэзэным хуХаха сом мелуани 5-рэ мин 426,9-р кьанэ щымыIэу кьагъэсэбэпащ. А школым хэту кьызэIуахынущ зи узыншагъэр мыщIагъуэ сабийхэм папщIэ лэжьэну спорт Iуэхущ1анIэ.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ зэрызэгурыIуам тету, республикэм и сабий ныкъуэдыкъуэхэр щрагъэджэн Iуэхущ1анIэхэр кьызэIуухынным папщIэ КЪБР-м и республикэ бюджетым федеральнэ мылъкум кьыхэкIыу трагъэкIуэдащ сом мелуан 21-рэ мин 83,4-рэ. Республикэ бюджетым а Iуэхум хилъхьащ сом мелуани 9-м щIигъу. А ахъшэмкIэ пандусхэр ягъэуващ, узымыгъэщIантхъуэ лъэгуэхэр иралъхьащ, дэIепыкъуныгъэ кьызэрыраджэ кнопкэхэр хагъэуващ, ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ компьютер техникэ зэрагъэпэщащ.

Лэжьыгъэщхэр ирагъэжьакIащ республикэм и библиотекэхэм ныкъуэдыкъуэхэм Iуэхутхьэбзэ щагъэзытыным и Iуэхукlэ. Тканенко Александр и цIэр зезыхьэ музейм, Мэльбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ библиотекэм, нэфхэм папщIэ республикэ библиотекэм, Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ ныбжьыщIэ библиотекэм, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ сабий библиотекэм фIыуэ зыпытыгъуэхэм, тэмэму зэхэзымыхьэм папщIэ пандусхэмрэ убыдыпIэхэмрэ щагъэуващ, щыхьэпIэбжьхэр нэхъ хуит ящIащ, фIыуэ зэхэзымыхьэм папщIэ программэ щхьэхуэхэмкIэ гъэпса компьютерхэр щIагъэуващ.

«Доступная среда» программэр щагъэзащIэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iуэхущ1анIэхэмкI. Пандусхэр ягъэув, фIыуэ зэхэзымыхьэм папщIэ сымаджэщхэм и регистратурэхэмрэ приемнэхэмрэ щагъэуващ макъыр зыгъэлъэщ Iэмэпсымэхэр, Iуэхущ1апIэхэм я къат дэкIуеинIэхэм зэзымыгъэщIантхъуэ алэрыбгъуэхэр трабгъуащ. «ЦIыхубэ фронтым» и щIыналъэ къудамэм хъьбар кьызэриты мкIэ, социальнэ Iуэхущ1апIэхэр кьапщытащ, кьыхагъэщащ абы и лъэныкъуэкIэ ныкъуэсаныгъэ гъэрхэр иджыри зэрыщыIэр.

И кIэм нэсу яубзыхуащ 2015 - 2020 гъэхэм щIыхьа «Доступная среда в КБР» щIыналъэ программэр. Абы папщIэ КЪБР-м кьыIэрыхьащ федеральнэ субсидиеу сом мелуан 24-рэ мин 461,4-рэ.

ЗэIущIэм и кIэхьым Дадэ МуIэед иджыри зэ кьыщыхтеувыIащ зи гугъу ящIа Iэхэхэр зи кьаленхэм я пщэрылъхэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КЪБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1анIэм и лэжьакIуэ.

● Абы дегъэпIейтей

Ныкъуэдыкъуэхэм ягъуэтын хуей гулъытэм траухуэ

● Фэеплъ

Гупсысэ нэхъыщхьэ

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ мы махуэхэм Налшык щекIуэкIа лэжьыгъэм жыдэжру хэтащ Хьэсэней дэт курыт школым щеджэхэр.

АБЫХЭМ зэущIагъэхъэбзащ 1942 гъэм лIыхъужьыгъэ яхэлъу нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэта зауэлIэхэм хуагъэува фэеплъым и хъурейагъэр. Бийр къащебгъэрыкIуэм икIуэтын хуей хъуа советыдзэм и гъуэгуанэр пхызыша икIи зыхъума а сэлэтхэм я псэр ятащ дэ дуней мамырым дыщыпсэун папщIэ. «Мы щIыпIэр хьабзэпIабзэу зэрызетхъэм нэхъыбэ дэ нобэ абыхэм яхуэтщIэжьыфынукъым», - аращ гупсысэ нэхъыщхьэу къыхощар щIыхьэхум хэта еджакIуэ цIыкIуэхэм жаIэм.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Хъыбар гуапэ

Зи Iэпкъльэпкъыр зыпсыхьхэм къахохъуэ

Ди республикэм щыIэхэтащ ГТО-м и мардэхэр гъэзэщIэным теухуауэ ирагъэкIуэкI спорт фестивалым и Iыхьэ зыбжанэ. Налшык къалэм щыщу а зэхьэзэхуэхэм хэтащ икIи ГТО-м и дамыгъэхэр къратащ ныбжьыщIэ 200-м щIигъум. Абыхэм ящыщ куэдым «дыщэ значокыр» хуагъэфэщащ.

КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм мы махуэхэм щагъэлъэпIащ дыщэ, дыжьын, домбеякъ дамыгъэхэр зыхуагъэфэщащэр. Бгъэхэ1уэхэрэ щIыхь тхьылъэхэр къыщратыжым абыхэм ехьэхъуащ псалъэ гуапэкIэ захуэзыгъэза КЪБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Асльэнбэч. Апхуэдэу абы ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ цIыхум и узыншагъэр езыгъэфIакIуэ спортыр зэи Iэщ1ыб ямыщIыну.

ГТО-м и мардэхэр гъэзэщIэным ехьэлIа зэпеуэхэм зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуэну гупльж зыщI ныбжьыщIэхэмэ, балигъхэми я бжьгъэм нэрылъагъуу къыхохъуэ. ЦIыхухэм я узыншагъэм щхьэпэ Iуэхум апхуэдэ гупльэтэ зэрыгъэтэжыр гуапэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Чэфу рулым зэрыдэтIысхьам папщIэ

Шэрэдж щыналъэм и прокурорым и къуэдзэ Дзэхъу Тимур Iэ щIидзащ Бабугент къуажэм щыщ, илъэс 63-рэ зи ныбжь цIыхухъуэм хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ Iуэхумкlэ тхылъым. Ар ягъэхъуаншэ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэмрэ 228.1-нэ статьям и япэ Iыхьэмрэ кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилъэжьам кьыхэкIыу (хабзэм кьемызэгъыу наркотик щхъухь куэд зэрызэригъэпэщам, зэрихьумам, зэригъэIапхъуам, зэрищам папщIэ).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкIэ, Мэзкуу къалэм имыщIыху гуэрым деж грому грамм 60,35-рэ кьыщищэхуащ, хуимыту кьыздишэри, мы гъэм мэлыжьыхьым и 25 пщIондэ ихъумащ.

Республикэм къыщысыжа махуэм, мэлыжьыхьым и 25-м, Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыпсэу и цIыхугъэм наркотикым щыщ Iыхьэ пщIэншэу иритащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэпIэм щхьэкIэ уголовнэ Iуэхур Дзэлыкъуэ район судым ираташ.

Илэжьа щIэпхъаджагъэмэ папщIэ, абы илъэси 10-м, апхуэдэу илъэси 8-м нэс кьеХь.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

Гъэшым и куэдыгъуэщ

Хьэмащэ и хъупIэхэр къэуатышхуэ зыщIэль хьунхэмкIэ нэхъ къулейхэм хабжэ. Абы кьыщокI удз зэмылIэужьыгъуэу 100-м нэс.

ГЕКТАР мин 80-м щIигъу мы щIыпIэр Iыхьэ 313-у зэпыудауэ ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм кьагъэсэбэп. ХъупIэу гектар мин 45-р Дзэлыкъуэ щIыналъэм, гектар 35-м нэхърэ нэхъыбэр Iуащхьэмахуэ районым хеубыдэ. Iэщ нэхъыбэ зиIэхэм ящыщщ «Настаев», «Джатэ», «Балаев» «Заря», «Рассвет-Н» мэкъумэш-фермер Iуэхущ1апIэхэр. Гъэшрэ лыхэкIкIэ узыщыгугъ хъуну мыбыхэм яIэ Iэщ1ышхуэхэм (2000 нэс зиIэ яхэтщ) кьищынэмыщIауэ, мэл, бжэн, шы я куэдщ.

Гъэшу кьашым щолэжь Налшык, Зеикъуэ, Сэрмакъ дэт заводхэм.

Хьэзыр хъуа ерыскъы хэлъхьыхьар республикэм и сату щIапIэхэм ирагъашэ, щIэупщIэшхуи яIэщ. Гъэмахуэ хъупIэхэм ущылэжьэныр сыткIи зэрыгугъум кьыхэкIыу, Iэщ1ыхуэхэм я тыншыпIэм теухуауэ унафэщIхэм я зэфIэкI кьагъанэркъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Дэ къытхуатх

Зэнэзэпсэу псори дызэрылъэгъуат

Жашуевэ Ларисэ

Цыхуэр псэуху гукъэкIыжхэми кьыкIэльыкIухь, куэдым уезыгъэгупсысыж теплъэгъуэ гукъинэжхэр щIэх-щIэхьурэ нэгум щызэтрихьэу. Си нобэрей тхыгъэри зытеухуар гуфIэгъуэрэ дзрэжьгъуэкIэ гъэнщIа щIалэгъуэ, студент гъащIэрщ.

СЭРКIэ гуимыхужщ абы и дэтхэнэ махуэри. Сыту жыпIэмэ, кьыхащыпыкIащ жыхуаIэм хуэдэ ныбжьэгъуфIхэр сиIэт: Ацкъан Ирэ, Сэралъп Ирэ, КIуэкIуэ ФатIимэ, Бейтыгъуэн Дахэнагъуэ, Ганоевэ Тамарэ. Мыхэр псори Къэбэрдей-Балъкъэр я хэрал университетымкI медицинэмкIэ и факультетым ягъуэ, 1966 гъэм, щIэтIысхьажхэм ящыщт. Сэ сыщеджэр химиемрэ биологиемкIэ къудамэрт. Си насып къриохэкIри а хъуджэбз тельыджхэм, хьэл-щэныфIэхэм я гъусэу зы пэшым сыщIэсын хуей хъуат. МедицинэкIэ Iэщ1агъэ нэхъыщхьэ ягъуэ ди республикэм щызэзыгъэгъуэтыну мурад быдэ зыщIа пщащэхэр щIэныгъэхэм хуэпабгъэт, куэдми я щапхъэт. Уи щIалэгъуэм плъэгъуэр зэи пщыгъупщэркъым. Иджыпстуи си нэгум щIэтщ абыхэм я дэтхэнэри. Ацкъан Ирэ медучилищэ нэужьым медфакультетым щIэтIысхьат. ФIы дыдэу еджэрт, гулъытэ зыхэлъ цIыхут. А зэманым Ирэ и дэлъху Руслани дигъэцIыхуат. Абы пасэ дыдэу усэ итхуат, щIидзати, и шыпхъум дуней гуфIэгъуэр иIэт. КъищынэмыщIауэ, Ирэ и фIыгъэкIэ дэ зэныбжьэгъухэр щIэх-щIэхьурэ театрхэм дыкIуэ хъуат. Ди зэманым щыIа щIалэгъуалэм сыт фIыуэ яхэлъа жьIи, псори зы бынунэм хуэдэу дызэрыгъат, зым адрейр зэригъэдэхэнымрэ зэригъэгушхуэнымрэ хущIэкъурт.

Зэман дэкIри, КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэм и деканым и къуэдзэу къытхуагъэкIуат, ныбжькIэ зэрыщIалэ дыдэми емыльытауэ, медицинэмкIэ кандидат хъуну хуиIэ Нэгъуей Бесльэн. Абы занщIэу ди Ирэ игу ирихьащ икIи куэд мыщIэу и ныбжьэгъуэхэр хьэгъуэлIыгъуэм драгъэблагъащ. А зэманым сытыт студент тхьэмыщкIэхэм хьэгъуэлIыгъуэм яхьыфыр... удз гъагъэ Iэрамэт тIэщIэлъ хуину хуиIэ тIакIуэхэм кьытхущIэкIар. Бысымхэм гуапэу, хьэщIагъэ ини кьыдахьу драгъэблэгъащ. Фызышэр машинэ 32-кIэ кьэкIуат, а зэманым ар къэмыхъуа гуэрти, тфIэгъэщIэгъэныр зэпэтпльыхьырт.

Ныбжьэгъуэхэм ятеухуауэ сигу кьэзгъэкIыжьырэ сызытепсэльыхьынрэ си гъунэжщ. Псом ящхьэраци, илъэси 5-6-кIэ дызэгъусащ зыш и жагъуэ хъун псалъэ адрейм кьыжьэдэмыкIыу. Зэанэзэпсэу дызэрыльагъуэхэм я нэхъыбэр адыгэт, Ганоевэ Тамарэ и анэр урыст, сэ си адэр балькъэрт, ауэ, зыми емыльытауэ, гурэ псэкIэ дызэрыIыгьт, ди гурагъэхэри дызыхущIэкъухэри зыт. Дэ тщIэртэкъым фыгъуэн, льэпэ зэхэгъэж щIын жыхуаIэр - псори дызэшыпхъут. Къэбэрдей-Балъкъэр льакъэм дрибынт, дызыхущIэкъури мамыру бэм дыхуэлжьэнырт.

1972 гъэм КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым япэу кьыщIигъэкIа гупым яхэтащ и щхьэкIэ зи щIэ кьиСIуа, гукъэкIыж Iэфlкlэ сигу кьэзгъэкIыж ныбжьэгъуэр. Абыхэм я нобэр зыхуэдэм сыщыгъуазапэу схужьынкъым, ауэ шэч кьызытезмыхьэжьр зыщи, игъащIэкIэ си гум фIыкIэ дэтхэнэри илъынущ.

Иджыблагъэ Сэралъп Ирэ республикэ сымаджэщым нэ узыфэхэмкIэ и къудамэм зэрыщылажьэр къэсщащ. Си нэм сэкъат иIэу абы сыздэкIуам, дуней гуфIэгъуэр иIэу сригъэблэгъащ икIи егупльэу кьызэIэзащ...

ГъащIэр гъащIэщ - цIыху къэс гъэгу зырызыхьэ хухех. Сэ шэч кьытесхьэр-кьым адрейэри гу хьэлэ-рэ псэ кьабзэкIэ кьыхаха кьалэн гугъуэм зэрыбгъэдэтым. А дохутыр гупльм илъэси 5-кIэ яхэта сэри Гундэлэн кьуажэм зэт курыт школ №1-м илъэс 13-кIэ химиемкIэ щезгъэджащ, иужьыкIэ социальнэ лэжьыгъэм зестыжауэ нобэми абы сыпэрытщ.

Сыхуейт си щIалэгъуэр IэфI кьыздзэщIа си дохутыр ныбжьэгъуэм фIыуэ щыIэмкIэ сехъуэхъуну.

ЖАШУЕВЭ Ларисэ.

Ди газетыр зи Iэпэгъу икIи щIэх-щIэхьурэ кьытхуэтхэ Жашуевэ Ларисэ гукъэкIыж Iэфlкlэ и гъащIэм кьыхэна ныбжьэгъуэхэм я лъагъуэ техьащ «Адыгэ псалъэр». Ди щIэджыкIакIуэм ар и гуапэ хъунущ дыщогугъ.

1. **Ацкъан (Нэгъуей) Иринэ** - Налшык дэт инфекционнэ сымаджэщым и дохутырщ.
2. **Сэралъп Иринэ** - республикэм и клиникэ сымаджэщым щолажьэ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ офтальмологщ, КъБР-м щыIэхь зиIэ и дохутырщ.
3. **КIуэкIуэ (Улымбащ) ФатIимэ** - Бахьсэн щыналъэ сымаджэщым и къудамэм и унафэщIщ, КъБР-м щыIэхь зиIэ и дохутырщ.
4. **Бейтыгъуэн (Къумахуэ) Дахэнагъуэ** - республикэм и перинатальнэ центрым и акушер-гинекологщ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутырщ.
5. **Ганоевэ(Бабаевэ) Тамарэ** - Налшык дэт поликлиникэ №2-м и (В. Аул) акушер-гинекологыгу щолажьэ.

● Си Хэку - си уэрэд



Кьэнжал бгымкIэ укъыщеплъмэ, Iуащхьэмахуэ уIуолъэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХуэзфIэкI псори къытхуэзыщIэу хуэфащэ пщIэ зымыгъуэтыжа адыгэ узэщIакIуэ

● Абы дегъэпIейтей

ХьэкIуащэ Андрей

Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуа, щыпсэу Дэгу Чэрим Тlымышэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмрэ математикэмкIэ и къудамэр къиухащ. Илъэс 20-м нэблагъэкIэ егъэджакIуэу лэжьащ, иужькIи илъэс 16-кIэ Зеикъуэ щыIэ интернат-школым и унафэщIу щытащ. Мы зэманым ХьэтIохъущыкъуей дэт кIэдет школым и офицер-гъэсакIуэщ. Зыхуеджар физикэ пэтми, Чэрим усыгъэр и хамэкъым. Куэд щIауэ абы дехьэх, ауэ и IэдакъэщэкIхэр зэи утыку кърихьакъым. Нобэ тыдодзэ Дэгу Чэрим и усэ зыбжанэ.

● Япэу тыдодзэ

Дэгу Чэрим и усэхэр

Хьэрэ-Кхъуэрэ

Бгым нэхъ дахэр Хьэрэ-Кхъуэрэщ,
Ар Зеикъуэ къыщхьэщытщ.
Жэщи махуи, щIыми гъэми,
Ди хъумакIуэщ ар, ди плъырщ.

ФIыуэ слъагъур сэ си гъусэу
ЗыплъыхьакIуэ дынэкIуат.
А уи бгыщхьэм дежь дытесу
Ди гухэлъхэр зэжетIат.

ГъащIэу диIэр дызэгъусэу
Зэдэтхьыну мурад тщIат.
Зым Iэпыхур зым къищтэжу
Дыпсэуну тедухуат.

Бгым нэхъ дахэр Хьэрэ-Кхъуэрэщ,
Щыхьэт лъэпкъ абы хуэмей.
Нобэ фIыуэ слъагъум сэрэ
Дыщопсэу бгы лъапэм деж.

МакIуэ гъащIэр, мэщIэращIэ,
Хьэрэ-Кхъуэрэ къыткIэлъоплъ.
Ди мурадхэр дахэ защIэщ,
Ди жагъуэгъуэхэр къытхукъуоплъ.

Игъуэ нэсрэ дытекIыжмэ
Уэрэ сэрэ мы дунейм,
Къахуренэ ди фэеплъу
Хьэрэ-Кхъуэрэ ди пщэдейм!

ГушыIэ

«Си псэ» жысIэу, содэхащIэу
Сопсэлъэну сэ сыхуейт.
Ауэ щыхъукIи, сигу хагъащIэу
Псалъэ къэбдзэхэм сахуэмейт.

Нэ фIыщIитIым къащIих нурым
Си гуи си пси дахьэхащ.
А уи хъуэрхэм сэ аргуэру
Сигу тхьэмыщкIэр сфIыщIахащ.

Псалъэ къэскIэ сырщ я нэзыр,
Щабзэ папщIэу си гум пхедз.
Хъуну щытмэ, дыджрэ зэзу
Уи хъуэрыбзэхэр хъомыдз...

Псалъэ дахэу ныбжесIахэр
Уи хъуэрыбзэм тепщэ хъуащ.
Псалъэ IэфIу къызжепIахэр
Си гум щыдэжьын хуэхъуащ.

Псалъэ папщIэхэр зэщIэкъуэ,
Хэдзи псори псым егъэхь.
ГъащIэу диIэр, си псэ закъуэ,
Дызэгъусэу Тхьэм дигъэхь!

Бахъсэн

Блож си къуажэм псы дахащэ,
Псоми ящIэ - ар Бахъсэнщ.
И къежьапIэр Iуащхьэмахуэщ.
Зыхэхуэжыр Тэрчыжь псырщ.

Сыхуейт стхыну усэ дахэ
Сэ ди псышхуэм теухуауэ.
Нартсанэпсхэр зэхуэсахэу,
Зэрежэхыр Бахъсэн псышхуэу.

Абы цIыхухэм къарит нэхур
Хэслъхьэфами здэнут усэм.
Е и куэщIым щипI бдзэжьейхэм
Тезухуэн атIэ гупсысэр?

СыIусщ куэдрэ Бахъсэн Iуфэ,
СыкIэлъыплъу и къежэкIэм.
Зэхызохыр, псым цыщ сефэм,
И уэрэдхэр, и кьебжэкIэр.

Макъ жьгъырууэ и псы кьелъэм,
И толъкъунхэм сыдахьэхыр.
Ар щежэхкIэ, и пшынальэм
Сщегъэгъупщэ сигу телъ хьэлъэр.

Даущ дахэм сыщIэдэIуу,
Дыгъэр бгыжьхэм ягъэпщкIуж...
Сэ гупсысэм чэф сищIауэ,
Къуажэм хуэму сыдокIыж.

Си адыгэ лъэпкъ

Сэ согушхуэ - сыадыгэщ!
Сыщалъхуащ уи лъахэм, ей.
ФIыщэу слъагъуу зым хуэмыдэ -
Си адыгэ лъэпкъ!

Сигу хагъахьуэ уи къуршыжьхэм,
Уи мэз Iувхэм, псыхэм, ей.
Зи щIыуэпсыр псом нэхъ дахэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Сыропагэ уи лIыхъужьхэм,
Хэкур зыхъумажэм, ей.
Адыгэшми сыропагэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Сигу щIоуэ ди къуэш хэхэсхэм,
Тенджыз ФIыцIэм щIэлъхэм, ей.
Гуауэ куэд зи нэгу щIэкIауэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Гъэ мин бжыгъэхэр уи тхыдэщ,
Бохь уи гъащIэр гъэру, ей.
Хуитныгъэр зи хъуэпсапIэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Бэлыхь куэд телъащ уи цIыхухэм,
Икъухьащ уи бынхэр,ей!
Лъэпкъыу щыIэм я нэхъ дахэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Тхьэм солъэIу зы дищIыжыну,
Уи хабзэжь щIэинкъэ, ей.
ФIыщэу слъагъуу зым зымыдэ,
Си адыгэ лъэпкъ!

Зеикъуэ

ЛIэщIыгъуиплI зи ныбжь Зеикъуэ
Щыщщ зы къуажэу Къэбэрдейм.
ЛIы Iущ куэд щалъхуащ Зеикъуэ
ЩыщIэрыIуэу Къэбэрдейм!

Дыриплъэжмэ уэ уи тхыдэм,
ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ,
КъыщIохьэж блэкIар ди нэгум,
Хъункъым ар тщыгъупщэ!

Кърым хъаным и дзэ фIыцIэм
ЩIалэгъуалэу иришахэр.
Я псэ яхь пэт Истамбылым,
Тенджыз ФIыцIэм хэкIуэдахэр.

Кърым хъаным и зауэлIхэм
Къанжал къуакIэм дэзыдзахэр,
ЗэрыпхъуакIуэ фашистыжьхэр
Хьэрэ-Кхъуэрэ щызукIахэр.

Ди колхозыр, ди совхозыр
Зэш ямыщIэу зыIэтахэр.
Ди щIэблэщIэр зыгъэсауэ
Кхуажэ егъэджакIуэхэр.

Уи блэкIахэр тщымыгъупщэу,
ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ.
Сыпхуохъуахъуэ ущыIэну,
УмыщIэу жьыр кьыздепщэр.

Адыгэбзэ, убзэрабзэ!

Адыгэбзэу ди бзэ къабзэм
И дахагъыр зэхэфха?!
Убзэрабзэу абы щIедзэр
Сабийр гущэм щыхапхам.

Псалъэу хэтыр адыгэбзэм
ЙодэхащIэр уи гум, уи псэм.
Сыхуэзакъым зы лъэпкъыбзи,
Ди бзэм хуэдэу къытхуэупсэ.

Адэ-анэхэ, адыгэбзэр
Быным IэщIыбэ евмыгъэщI.
ТIурылъыну ар дэ къабзэу,
Хьэуам хэту къытхуегъэщI!

Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэ.

Зэхуэдэ Iыхьитlу Налшык зэгуигъэзу зы уэрам щыIэщ. Абы и зы кIэлъыплъ Къэбэрдей уэрамым иоуалIэ, адрейр Университетым и деж щеух, ут цIыкIу къигъэщIу. Ар езыри кIыхькъым и лъэныкъуитIымкIи нэхъыбэу узыIупльэр зауэ нэужь лъэхъэнэхэм яухуа, ежьитIыщыуэ зэтет унэхэщ. Апхуэдэу щытми, ар къалэм и уэрам нэхъ дахэхэм щыщ зыуэ ябж, цIэ зэрихьэми хуэфащэу псоми къалъытэ.

Нэгумэ Шорэ

НэгУМЭ Шорэ и цIэр абы щыфIащэр (япэм ПочтовэкIэ еджэу щытащ) 1944 гъэрщ, япэ лъэпкъ узэщIакIуэ тельыджэр къызэралъхуэр илъэсищэ щрикъуа илъэсырщ. Абы иужькIэ республикэм унафэ кIищтащ щIэныгъэлIым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къыдагъэкIыну икIи, дыщымыуэмэ, и фэеплъ сын екIу Пединститутым и гупэм щыхуагъэувыну. ИужькIэ а утым и кур мывэкIэ хъурейуэ къагъэтIыплъыхьащ, илъэс къэс удз гъэгъахэр щыхасэ, хъарзынэуи зэрахьэ, ауэ илъэс блыщым щIигъуауэ ар зэрыпэщIу щытщ, а зы лIы ныбжьым кърикубыдэу парт унафэщI, тхакIуэ, узэкIуэ Iэджэм къалэм и щIыпIэ щхьэхуэзэм сын къекIухэр щыхуагъэува пэтми. Япэ узэщIакIуэм и фэеплъ сын гъэувыныр апхуэдизу кIыхьлIыхь щIащIари ар абы къимылэжьауэ, хуэмыфащэу къыщIальытэри гурыIуэгъуащхъым. И зэманым ельытауэ бгъэдэлъа щIэныгъэкIи (и анэдэлъхубзэм нэмыщI абы хамэ лъэпкъыбзиплI ищIэу щытащ), хэпъа лIыгъэкIи, гумызагъэгъкIи, зыхихьхьэ щымыIэу ильагъу и лъэпкъым къалэн зэмылIэужьыгъуэкIи тельыджэжаш. Ар дэнэ къэна, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъым, дагъыстанхэм я гугъу умыщIмэ, а илъэсхэм апхуэдэ къэхутэныгъэ лжьыгъэ щIэныр зыгъэзэфIэкIа щIэныгъэлI яIэкъым.

А узэщIакIуэ хьэлэмэтыращ XIX лIащIыгъуэм и пэщIэдзэ дыдэхэм, и гуащIэгъуэу Урыс-Кавказ зауэр щекIуэкI илъэс пэзэпыльхьэлIэхэм, лъэпкъ гъэкIуэду, ельмэ уэу къыдалъхуаэхэм къащхьэщыхьа пшэ фIыщIэр ящхьэщыхьым, ахэр зыхэт кIыфIыгъэ шынагъуэм къыхэшыным япэу егупсысу щIэзыдзар, а насыпышагъэхэм я хэкIыпIэр зэхэгъэкIыным яужь ихьар. ИпэIуэкIэ Европэмрэ Урысеймрэ щызэфIэува узэщIыныгъэм ижь уэр кьыззрыщIихуам и щыхьэту, абы къельытэ апхуэдэ зэфIэкI зыбгъэдэлъу щыIэр щIэныгъэм и закъуэу зэрыщытыр. А Iуэху еплъыкIэм емыпщIыжу, хуэпэжу и псэр пытыху ар тетащ, хэбгъэзыхьмэ, и гъащIэр зэрыщыту зыщIитар аращ. Абы хьэкъыу пхыкIат къыдалъхуахэр щIэныгъэм и лъэныкъуэ хъумэ, ар зыIэрагъэхьамэ, зыхэт гъащIэ дыдэхэм ахэр къыхэкIыфыну, щхьэхуитныгъэ кIэ яIэрэ зыхуэй ягъуэту псэууэ щIадзэну.

Iуэху ирихьэжьахэм япэу лэжьыпхъэри абы тэмэму еубзыху - ар лъэпкъыбзэм алфавит хуэзэхэльхьэныр. Ар зэбгъэпэщыныр тынштэкъым, абы лъабжьэ хуэпщIыныр щыуагъэнэщуи къэхутэн хуейт. Зыщыгъуаззэм абы япэщIыкIэ къыхихыр хьэрыпI алфавитырщ, адыгэбзэм макъыу иIэхэр игъэзэгъэным гугъуехьищэр пыщIами. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, 1825 гъэм абы зэхилъхьа, учыс усакIуэ Нечаев Сергей си гугъу ищI и алыфбейми, тхыгъэ зэридзэкIахэми, и Iэдакъэ къыщIэкIа и узэ-гъэмэхэми щIэныгъэлIым къыщигъэсэбэпар хьэрыпI алфавитым тещIыхьа тхыбзэщрэ. Ауэ иужькIэ, урысыбзэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыщыхуищIым, Нэгумэм и Iуэху еплъыкIэм зэхуэсу - и лъэпкъыр зыхэс къэралыгъуэм и алфавитыр и анэдэлъхубзэм къыщигъэсэбэпым къыдалъхуахэм нэхъ къэзэрыщхьэпэгъэ къыгуроIуэ. Зыщыгъуаззэм абы япэщIыкIэ къыхихыр хьэрыпI алфавитырщ, адыгэбзэм макъыу иIэхэр игъэзэгъэным гугъуехьищэр пыщIами. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, 1825 гъэм абы зэхилъхьа, учыс усакIуэ Нечаев Сергей си гугъу ищI и алыфбейми, тхыгъэ зэридзэкIахэми, и Iэдакъэ къыщIэкIа и узэ-гъэмэхэми щIэныгъэлIым къыщигъэсэбэпар хьэрыпI алфавитым тещIыхьа тхыбзэщрэ. Ауэ иужькIэ, урысыбзэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыщыхуищIым, Нэгумэм и Iуэху еплъыкIэм зэхуэсу - и лъэпкъыр зыхэс къэралыгъуэм и алфавитыр и анэдэлъхубзэм къыщигъэсэбэпым къыдалъхуахэм нэхъ къэзэрыщхьэпэгъэ къыгуроIуэ. ЩIэуэ зэхилъхьа тхыбзэм ипкъ щIэкIа, адыгэ узэщIакIуэм лъэпкъыбзэм и алфавитыр зэрызэфIэмыувэнур къызыгурыIуэ узэщIакIуэр иужькIэ ерыщу йолэжь анэдэлъхубзэм и грамматикэми, арыншагъэ лъэпкъыбзэр сабийхэм пхуэгъэщIэнкIэ Iэмал зэримыIэр къызэрыгурыIуам и щIыхьэту.

КъэхутакIуэ къудейуэ зэрыщымытыр игъэбелджылыуэ, щIэныгъэлIым еджапIэ Налшык къыщыызэIуихьну яужь йохьэ. А еджапIэм и къалэнымрэ анэдэлъхубзэм щыбыдын хуей щIыпIэмрэ фIыуэ щыгъуазэ урыс офицер Россильон а илъэсхэм мыр итхыгъащ: «... Зэман дэкIмэ, къалэн нэхъыщхьэ дыдэу а училищэм къыпэщытыр къабзэрдейбзэр щеГъэджныращ, ар блэжь щыхъунри къабзэрдейбзэм и тхыбзэмрэ грамматикэмрэ зэхэзылъхьэ Урыс Бекмурзин Шорэ иригъэкIагъ лэжьыгъэхэр хабзэ гуэрхэм иувэрэ ахэр ихужмэщ».

Жьыжь пльэф, къэкIуэнур къэзыхуэтщIэныгъэлI губзыгъэм а зэман зэхэмыбзэхэм къыгуроIуэ къэхъу бгырыс щIалэгъуэм я анэдэлъхубзэм и мызакъуэу, зыхэс къэралыгъуэм и бзэри Iаущ имыIэу ящIэн зэрыхуейр. Нэхъ гуэрыныншэу, тынчу урысыбзэр зэрагъэщIэн папщIэ, а илъэсхэм абы зэхелъхьэ лъэпкъ тхыдэм щыпсэ, псалъэ миниплIым щIигъу зыхихьэ «Къэбэрдей-Урыс псалъалъэр». И зэманым къагъэсэбэпыну хунэмысами, пщIэ лей зыхуэщIыпхъэ а лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ къызэтенащ, ди деж къыхэжащ илъэс IупIэ! ипкIэ абы ихуа псалъэхэр къызэрапсэлъу щытар, лъэпкъыбзэм зэмытыж, жьы хъуа псалъэ куэд, языныкъуэхэм зэхъуэжьныгъэ ягъуэтахэр. Анэдэлъхубзэм теухуауэ и Iэдакъэм къыщIэкIа лэжьыгъэхэм языхэзи къыдалъхуаэ абы илъагъуакъым, абыхэм ящIащ куэди къыззетенакъым, уеблэмэ и грамматикэмрэ псалъалъэмрэ дунейм къыщытехьар ди лъэхъэнэрщ, ауэ иджыкIэ дызыщыгъуазэхэми нэрылъагъу къыпщащI ахэр адыгэ бзэщIэныгъэм и къежьапIэу, кIуэд зимыIэ и хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр. А зым фIэкI имыщIами, а япэ лъэпкъ еджагъэшхуэм и щIэ лъапIэр къыдалъхуэхэм ягу, я псэ щагъэфIэу лIэщIыгъуэкIэрэ щIилъэн щхьэусыгъуэ яIэщ.

ЩIыпIэ нэщIым лъэпкъ щIэныгъэр щызыгъэувыну яужь ихьа дэтхэнэ зы узэщIакIуэм куэд илэжьын хуей мэхъу. Нэгумэми пасэу къыгуроIуэ анэдэлъхубзэм теухуауэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я закъуэ къудейкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынур, я бзэм и мызакъуэу, къэхъу щIэблэщIэм къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэри куууэ ящIэныр зэракъалэныр. ИпэкIэ ар зэфIигъэувжьыну зыри яужь зэримыхьам хуащIа щIагъуэ щымыIэуи. Совет лъэхъэнэм и илъэсхэм абы и цIэр къаIэтыжащ, и лэжьыгъэхэр зэрыт тхэныгъэ ящIэ къыдэкIащ, «Адыгэ народым и тхыдэр» урысыбзэкIи къэбзэрдейбзэкIи куэдрэ дунейм къытехьащ, лэжьыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэхэр абы траухуащ, Налшык и уэрамхэм ящыщ зым и цIэр фIащащ. Ауэ щIэныгъэлI гуэззэджэр дунейм зэрехьэжьрэ лIэщIыгъуитым нэблагъэщIу, хуэтщIэфынум и нэхъыщхьэр - фэеплъ сын екIу хуэдгъэувыныр - нобэр къыздэсым тхузэфIэкIакъым. Абы теухуауэ нэхъ пасэхэм, дыщымыуэмэ, тIэунейрэ зэпеуэ ирагъэкIуэкIащ. Зыгуэрхэр къыхах хуэдэ защIащ, ауэ зыри кърикIуакъым. Ноби сыныр здэщытын хуей утыр зэрынэщIщ.

Адыгэ тхыбзэр япэу ззэмгъэпэщащ, анэдэлъхубзэм и грамматикэр зэхэзылъхьам, зи лъэпкъ тхыдэр зэфIэзыгъэувэжам, а и художественнэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъам хуэфащэ пщIэрэ щIыхьэ нобэр къыздэсым зэримыгъэутыр кьезэгъыркъым, лъэпкъ напэми кьекIуркъым. Зэгуэрым Пушкин игъащIэщ: «Лъэпкъым къыхэкIа и цIыху щэджащэхэр зымыгъэлъэпIэфыр лъэпкъ щIагъуэкъым». Лъэпкъ гъунэгъухэм къызыхэкIар зымыщIэжхэм, зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыжхэм дыхамыбжэн щхьэкIэ, кьыдалъхуахэм апхуэдизу къалэн хуэзыщIа цIыху псэемыблэжьым гулъытэ нэхъыбэ икIащIыгъкIэ хуэпIэныр къытпэщытщ. Нэгумэ Шорэ хуэдэ зимыIэжэм диащдрэт жаIэ, абы хуэдэм и нэ къахуокI. Дэ диIэщи, хуэфащэ хуэтщIэфырыкым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщI, дызэрыт зэманыр тыншкъым. Iуэху гугъуэхэр къэралым кьыпэщытщ, ахъшэр псоми къэмэщIэкI. Мылъку зэхэдэмэ кьыхэкIыу абы сын хуагъэувыным ди гугъэр щыхэтхьажакIэ, ди Iэ зэтедзауэ дыщысынри тэмэмкьым, тхуэфащэкъым. Къалэну дэ къыптэщытщ нэгъуэщI хэкIыпIэхэр къэдгъуэтыныр. Лъэпкъым и цIыхухэм зэхадзэ мылъкукIэ апхуэдэ фэеплъ сынхэр, мэжджыттхэр, члисхэр пасэми ди зэманми щыпIэ къуэм щагъэуф, щаухуэ, адыгэ унагъуэ къэс сом зыбгъупщI зэхадзэныр лъэпкъым и цIыхухэм егъэлеяуэ къатехьэлъэну къыщIэкIынкъым. Ар лэжьыныр хъунущ и пщэ дильхьэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, е КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, е цIыху гупым.

Пасэм лъэпкъым гурэ-псэкIэ хуэлэжьа цIыху пэрытхэм я пщIэр нэгъуэщI Iэмалхэмки къэпIэт, бгъэлъапIэ хъунущ. ТхылъымпIэ къызэтенахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Налшык япэу къыщызэIуаха анэмэт егджапIэм и унафэщIуи и егъэджакIуэуи Нэгумэ Шорэ щытащ. ИужькIэ абы кьызэригъэпэщыну зи ужь ихьа училищэм ар и тхъэмадзу ягъэувыну мурад зэралами шэч хэлъкъым. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, Налшык нобэ дэт еджапIэхэм ящыщ зым абы и цIэ зэрихьэрэкъым, ди хэку зэи къимыхьа куэдым я цIэхэр фIащами. Япэ узэщIакIуэ тельыджэм и цIэр фIэпщ хъунут Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и институтым, мыхъхьыжхэми, педколледжым. Япэ лъэпкъ щIэныгъэлIым и щыхьыр нэхъ къиIэтынт институтымрэ университетымрэ зэгъусэу илъэс зыщыплI хъэс зэ пыухыкIауэ абы теухуа щIэныгъэ конференц ирагъэкIуэкIыу щытами. Иужьрей илъэсхэм хэпщыкIыу япэ узэщIакIуэм нэхъ гущIыIэ хуэхъуащ ХьэтIохъущыкъуей лъэпкъ тхакIуэхэри, сурэтыщIхэри, скульпторхэри: дыщымыуэмэ, щIэныгъэлIым теухуауэ абыхэм я Iэдакъэ зэманыфI хъуауэ зыри къыщIэкIыжакъым.

Къэхъун-къэщIэнхэр къэзыхутэф щыху акъылыфIэу Нэгумэ Шорэ зэрыщытар белджылы и къыпщыщI лъэпкъ тхыдэм и зэманми псэзэпылъхьэпIэхэм къыпхрыплъыфу къыдалъхуахэр нэплъэкыгъуэ зэрихуэнур абы кьызэрихутами. Псалъащхьэ ящIэлэмэтыщэ и грамматикэм абы хуищIам мыр щыжиIэгъащ: «Сэ си лэжьыгъэм щыщIэздзам, хьэкъуу си гум пхыкIа Iуэхугъуэм кьызжиIэрт бгырыс мыгъасэм гъащIэр зыгъэфIэрафIэ гугъапIэр - нэхугъэр - игу кьридзэну: абы щIэныгъэр фIыуэ щилъагъуну зэманыр, дэ псоми щIэныгъэм, тхылъым, тхыгъэм зыщеттыну лъэхъэнэр хъэсыну... ЩIэныгъэ зыхэлъ цIыхухэм къагъэзыгъэкI псори зэхинэу, фIыгъэмрэ щIэныгъэмрэ си хэкум зыщритыну дакьикъэ Iэфым нэхъыу сэ сымыпсэужкIи, ар сымыпытагъуэкIи хъунущ. О! А зэман дахэр къэсатэмэ, сыту гуфIэгъуэ куэд си псэм итIанэ кьыщыкуэубеинут».

А зэман жьыжьэхэм апхуэдэ гурыщIэ къабзэхэр зи лъэпкъым хузиIа узэщIакIуэ тельыджэм ирихьэжьа лъэкъыгъэхэщ ди зэманым щыдалъхуахэм ежьмэ зыIэрагъэхьаэр зи фIыщIэр, ахэр абы и дежщ къыщежьар. Аращ зыщымысхьыжу хуэзфIэкI псори къытхуэзыщIа япэ лъэпкъ щIэныгъэлI щдэжащэм хуэтщIэр тфIэмащIэу, и щIыхьыр къэIэтыным сыт щыгъуи щIыхуэр.

ХьэкIуащэ Андрей,
КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэпщхэм я лIыкIуэхэр тырку сулътIаным деж еблэгъахэщ.
Лондон къыщыдэкI газетым традзащ. 1856 гъэ, накъыгъэм и 24

Тут Заур дрихьэщIащ

Урысей ТВ-м и Ямэ каналымкIэ тхьэмахуэ махуэм екIуэкI «Пока все дома» нэтыныр зи жэрдэм Кизяков Тимур къэралым щыщIэрыIуэ артистхэм, музыкантхэм, спортсменхэм я унагъуэхэм еблагъэурэ фIыуэ тлъагъу цIыху цIэрыIуэхэр нэхъ гъунэгъуу къыдегъэщIыху. Іулыдж зиIэ, зэфIэкI къыззрымыкIуэ зыбгъэдэль, цIыхубэм я гум дыхьэ цIыхум и унагъуэр зэбгъэщIыхуныр, я псэукIэр зыхуэдэр зэбгъэщIэныр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэнщ. Иджы, тхьэмахуэ кIуам, бадзэуэгъуэм и 10-м, екIуэкIа «Пока все дома» нэтыным ди гуапэу деплъащ. Кизяковыр щыхьэщIащ УФ-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Дагъыстэным я цIыхубэ артист Тут Заур и унагъуэм. Заур и щхьэгъусэ Мадинэрэ ипхъу Данэрэ и гъусэу тепсэлъыхьащ и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, къызыхэкIа лъэпкъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм и цIэр щIыпIэ куэдым щызыгъэIу, абы и утыку нэхъ инхэм уэрэд щыжызыIэ, цIыхубэм фIыуэ я кIалъаГъ Тутыр лъэпкъкIэ зэрыадыгэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрыщалъхуар, я щIалэгъуэм, Заур адыгэм и тхыдэр кIэщIу къиIуэтащ, адыгэлIым и хьэлхэм ящыщу зэпIэзэрытыныгъэр зэригъэнэхъыщхьэр къыхигъэщащ, дэтхэнэ унагъуэми къихъуэ сабийр адыгэ хабзэм зэрыщIалIыкIыр, Мадинэрэ езырэ я щIалитIымрэ пщащэмри абы зэрытетыр игъэбелджылащ.

Нэтыным къыщыIуащ Тутым урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, хамэ къэралыбзэхэмкIэ игъэзащIэ уэрэдхэм ящыщ пычыгъэхэр.

Ар Бахъсэн къызэрыщалъхуар, и сабиигъуэр зэрыкIуар, макъамэм зэрыдихьэхар, и Іэщ Іагъэм зэрыхуеджар, утыку зэрихьар гъэщIэгъуэну жиIэжащ Заур, Тимур и упщIэхэм жэуап щариты. Зэщхьэгъуэсхэм ягу къагъэкIыжащ зэрызэхуэзар, унагъуэ зэраухуар икIи унагъуэм зэгурыIуэрэ лъагъуныгъэрэ илъэн папщIэ цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхущытыкIэн хуеймкIэ, гу нэхъ зыльатапхъэхэмкIэ телевизорэплъхэм ядэгъэшащ. Дани упщIэшэу къигъэнакъым нэтныр ёзыгъэкIуэкIым. Пащащ нэмысыфIэм жиIащ и дэлъхуитIми езыми адэ-анэм я зэхущытыкIэм щапхъэ зэрытрахыр, унагъуэр насыпыфIэу псэуным и щэхуэр къэзылъхуахэм зэрыдалъагъур.

Адыгэ щIалэм и екъуIэныгъэхэм кIэлъыплъурэ иригушхуэ ди лъэпкъэгъуэм ягу зэрыхигъахуам шэч хэлъкъым Тутым и унагъэр Ямэ каналымкIэ къыззрагъэлъэгъуам.

АР ЗЭРИУХЫУ щIидзэ нэтынри хуабжьу гъэщIэгъэнт. А тIур зэрымыщIэкIэ зэрихьэлIами, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм и лъахэм теухуауэ Кривцов Евгений игъэхьэзыра нэтыныр адыгэ щIалэм теухуам иужькIэ ирагъэзыву нэхъ къащтами гурыIуэгъуэкъым, ауэ гухэхъуэгъуэт.

Ямэ каналымкIэ къагъэлъагъуэ «Маршрут построен» нэтныр ёзыгъэкIуэкI Кривцовым письморэ суратхэмкIэ кьишIэн хуейуэ хузэхалъхьажхэмрэ хурагъэхьри, а псоми я жэуапыр тхыгъэр къыздикIа щIыналъэм кIуэурэ къыщIелъхьыхьэ. Мы зы гъэзугъэ Евгений кьызыпэджжэжа тхыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIэрыIуэ модельер-дизайнер Сэралъп Мадинэ иригъэхьарат. Мадинэ Кривцовым видеокIэ зыхуигъэзащ икIи сурэт-къуажэхъ гъэщIэгъуэн хуигъэхьзырат, нал, Іуащхьэмахуэ, мандарин, итальян пIастэкIэ зэджэ макаронхэр, нэгъуэщIхэри иту. А сурэтхэмрэ ди лъахэмрэ зэрызэпхар Кривцовым щызэхигъэкIыфынур КъБР-м къакIуэрэ ди хэкур кьиплъхьмэт, ди цIыхухэм яхуэзэмэт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ гъуэгу кьытехьа урысей журналистыр Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым еблагъэри, Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкl адыгэ фащэхэр зригъэлъэгъуащ, адыгэ щIалэм и шыфэлIыфэу щытыпхъэхэр жриIащ. Сигу ирихьар: адыгэ щIалэм и Іэпкълъэпкъым и дахагъыу щытар къраIуэтэжу, гъэзлъамэ и джабэм джэду щIэкIыфу зэрыщытар Мадинэ щыжиIэм, Евгений зэрыгъэхуат, езыри Іэпкъльэпкъ зэкIужу зэрыщытым шэч кьытримыхьэу. Ауэ Мадинэ ибзыщIакъым журналистым и джабэм джэду къэгъэнауэ дзыгъуэ зэрыщIэмыпщыфынур.

Мадинэ щIалэм фащэ хуидын щхьэкIэ щапхъэхэр трихри, гъуэгу тригъэващ. Кривцовыр Іуащхьэмахуэ дэкIуеящ, Іуащхьэмахуэ и щIыгум Іэджэрэ ита, Эверест дэкIуеи Ольмезов Абдул-Хьэлим бгым зэрыдэкI хабзэхэм щигъэгъуэзащ, балъкъэрхэм яхьыхэри, мэл зэращыр, абы и щым щIакIуэ къызэрыхащыкIыр зригъэщIащ, адыгэшым и шыфэлIыфэмрэ абы адыгэлIыр зэрытес хабзэмрэ журналистым хуиIуэтащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и тхьэмадэ Іутlыж Мэжид, адыгэ шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэмрэ адыгэ хьэщIэ къегъэблагъэкIэмрэ Евгений щигъэунэхуащ Мартазэхэ я унагъуэм, уеблэмэ адыгэ Іпастэ зэращIми зригъэзащ. Адыгэ кьафэм Балъкъэр Къазбэч деж «зыщригъэса» нэужь, Мадинэ джи игъэзэжри, и Іэпкълъэпкъым хуэфIыпсу хуида адыгэ фащэр зыщитIэгъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщищIахэр, адыгэ щIалэр зэрыщытым теухуауэ зэхихахэмрэ зыщитIэгъэ фащэмрэ Кривцовым и щIыгъуэхэм зэригъэхьэжат, и пIэр захуэу, и щхьэр Іэтауэ иригъуэрт ар Налшык и жыг хадэм.

Сыхьэт ныкъуэм щIиГъуКIэ екIуэкIа нэтыныр ди щIыпIэ дахэхэм траха видеомкIэ, сурэтхэмкIэ, ІущыгъэхэмкIэ, гушыIэ дахэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Нэтын гъэщIэгъуэнхэр

● Футбол

Португалхэм ямэу дыщэр яIэрохьэ

Футболымкl Европэм и XV чемпионатыр вэсэжэщ. Зэхьэзэхуэшхуэхэм зэи къыщымыхъуауэ абы и дыщэ медалхэр яIэрыхьащ Португалием и командэ къыхэхам.

● Европэм и чемпионат

ПОРТУГАЛХЭМ «Европэм и бразилхэкIэ» йоджэ. Ар апхуэдэу щIыщытри я теплъэкIи я топ джэгукIэкIи Америкэ Ипщэм щIа колониехэм ящыщ зым куэдкIэ зэрытехуэращ. Абы щыгъуэми Бразилием и командэ къыхэхар тхуэнейрэ дунейпсо чемпион хъуамэ, я континетми къыщыпэлъыщын гъэтIыгъуеймэ, ар зи бжьым лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ щIэта Португалием зэрызэгъэщIэгъэныщIэ топджэгум иджыри къэс щIакъым. Уеблэмэ, 2004 гъэм я деж щрагъэкIуэкIа Европэм и чемпионатым и кIэух зэлущIэм Алыджым къыщыхигъащIэри, и хъупэсапIэм лъэIэсакъым. Арщхьэкlэ абыи и насып зэгуэр кьикIын хуейт. Ар къыщыхъуащ Франджым и Сен-Дени щIыпIэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м. Дуней псом и футболист нэхъыфIхэм ящыщ Роналду Криштиану зи пашэ Португалием и командэ кьыхэхар Европэм и чемпион хъуащ.

Португалхэр я екъуIэныгъэ иным тыншу хуэкIуакъым. Зыхэта гупым щрагъэкIуэкIа зэлущIищми зы текIуэныгъи къыщамыхьыфауэ (псоми щызэрытегъэкIуакъым) ахэр зэрымыщIэкIэ адэкIэ кIуэтащ. Ямэ дыдэ джэгугъуэм абыхэм зыри яхуещIакъым мин 330-рэ фIэкIа зи цIыху бжьгъэр мыхъу, илъэсыи и нэхьыбэм мылгъуриджэу зи щIыналъэр щыт Исландием и футболистхэм. Хэт ищIэнт иужькIэ викингхэм я щIэблэхэм топджэгур къэзыгупсыса езы инджылыз дыдэхэм зэхьэзэхуэр ирагъэбгынэну!

Адэкlэ Португалиер сыхьэтитIым нэблагъэкIэ елIэлащ Хорватиер хуэхмыгъащIэу. Финалым и Іыхьэ плIанэми поляхэм ягъэтынщакъым.

Кlэух зэлущIэм хэтын папщIэ Уэльсым зэрыпэщIэхуар Роналду зи пашэхэм я дежкIэ насып джэшт. Ар хъэрхуэрэгъу лъэщхэм ящыщтэкъыми, финалым кIуэ гъэзугр зэIуха хъуащ.

Дыщэм щыщIэбэна зэлущIэм дуней псом щыкIэтъыплъащ. Ар зи нэгу щIэкIаxэм дэрэжэгъуэ ин зэрагъуэтам шэч хэлъкъым. Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, франджыхэр зэпымыууэ зэрахабзэу, франджыхэр зэпымыууэ ин зэрагъуэтам шэч хэлъкъым. Абыхэм ящIэжырт я стадионхэм насып къызэрыхуахьыр икIи дуней псоми, Европэми я чемпион зэгуэр зэрыщыхъуар. ЗэIущIэм и еянэ дакъикъэм фэбжь игъуэту португалхэм я пашэ Роналду джэгум къызэрыхэкIари, франджыхэм я телъхьэт. Арщхьэкlэ куэд зэрыщымыгугъауэ Іуэхур къыщIидзащ.

Джэгум хухаха зэманым бжьгъэр лъэныкъуитIми къахэзэгъахкъым. Франджыхэр зэуа топыр штангэм щытехуаи, гъуащхьэтетым къыщIубыдаи, гъуэм пэгъунэгъу дыдэу щыблэкIаи куэдрэ къэхуащ. КъыщIагъуэ зэманми хэгъэрейхэр насыпым нэхъ пэгъунэгъуащ. Арщхьэкlэ 109-нэ дакъикъым хэхъуэрэ Іэщащы-гъуейщ. Иджыри къэс Франджым и гъуэм хуэзэу зи емыуа португалхэм ар кьайхъуIлащ икIи Гвинее-Бисаум кьыщалъхуауэ зэрызыхагъэхьэрэ сыхьэт ныкъуэкIэ фIэкIа и хэкущIэм и щIыхьыр тоджэгу губгъуэм щызымыхъуна Эдер иутIыпща топыр дэкIащ. А зы закъуэр хуримкъуащ зэи къэмыхъуауэ Португалием и командэ къыхэхам Европэм и чемпионыгъэр зыIэригъэхьэну. Ар абы хуэмыфащэу иджы жызыIэфынур мащIэщ.

Дыжьын медалхэр ялъысащ франджыхэм. Жэзыр яIэрыхьащ Германиемрэ Уэльсымрэ я командэ къыхэхахэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм и напэр текIауэ а зэхьэзэхуэ иным къыхэхэкIыжащ, иригъэкIуэкIа джэгугъащущ зы очко фIэкIа къыщимыхьауэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Ямэ къекIуэкIыгъуэм «Автозапчасть»-р щытокIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и ямэ къекIуэкIыгъуэр иухащ. Абы пашэныгъэр щIыгъащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и ямэ къекIуэкIыгъуэм щытекIуэр республикэм и чемпион хъу хабзэщ. Абы щIэхъуэпсырт Сэрмакъ и къуажэ стадионым щызэхуэзэ щыIпIэ командэмрэ Бахъсэн икIа «Автозапчасть»-мрэ. Мы зэIущIэм ипэ къихуэу, ахэр зэрызэщъхьэщыкIыр очкоитI къудейт икIи текIуэныгъэр къэзыхьым бжьыпэр иубыдынут.

Лъэныкъуэхэр ерыщу зэпэщIэуващ икIи зыр адрейм къыпикIуэтыну я мурадтэкъым. Апхуэдэурэ, хэт нэхъ лъэщми зэхамыгъэкIауэ бжьыгъэри къызэIуамыхауэ, джэгум и ямэ Іыхьэр иухащ. Футболистхэм загъэпсэхухкIэ жьышхуэ зыщIэт уэлбанэр хьиим икIащ. Щытыкlэр зэпIэзэрыт хъужыну командэхэр зыкъомрэ пэплъэ щхьэкIэ, зыми зихъэжакъым икIи судьбэхэм ар пIалъэ кIыхькIэ зэпагъэхуэн хуей хъуащ. Мазуищ дэкIа иужькIэщ «Союз-Сэрмакъымрэ» «Автозапчасть»-мрэ аргуэру щызэпэщIэувэжар. Абы бахъсэндэсхэр 3:2-уэ щытекIауащ икIи бжьыпэм зыщагъэбыдащ. Сэрмакъым и футболистхэр иджы пашэм очкоитхукIэ къыкIэроху.

Ещанэ увыпIэр иIыгъыу мыгъэрей зэхьэзэхуэм и ящыщ къекIуэкIыгъуэр иухащ «Тэрчым». КъБР-м футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэм и гуп нэхъыщхьэм хэт щIыпIэ «ЛогоВАЗ»-м и гъуэм топибгъу зэрыдагъэкIар.

Республикэм и нэгъабэрей чемпионыр зэкIэ епIланэщ. Абы и щхьэусыгъуэр «Къэхъуным» футболист щIалэщIэ зыбжанэ зэрыхагъэхьарщ икIи ахэр зэхьэзэхуэм хуэмурэ зэрыхэзагъэрщ.

Зэпеуэм къыщыкIэрыху дыдэхэм ящыщу «Кэнжэр». Мыгъэрей зэхьэзэхуэм щригъэкIуэкIа джэгугъуэ 15-м ящыщу 14-м ар къыщыхагъэщIащ. Жыжьэ нэсакъым Псынэдахэ и «Родник»-ри. Очкоибл фIэкIа имыIэу иужь ЫвыпIитIым я зым ар щытщ икIи щытыкIэ гугъум кьикIын папщIэ хуабжьу гугъу зригъэхьын хуейщ.

Адэкlэ щыгъуаз фаехутщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: *епщыкIуплIанэ джэгугъуэ* - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **5:4**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **5:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **3:2**, **«ГорИс-179-Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **5:5**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **3:5**, «Тэрч» (Тэрч) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **4:0**, «Нарт» (Нарткъалэ) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:4**, **«Іэдиихуу»** (Іэдиихуу) - **«Псынэгуэнсу»** (Псынэгуэнсу) - **3:5**; *епщыкIутхуанэ джэгугъуэ* - **«Родник»** - **«ГорИс-179-Кавказкабель»** - **1:3**, **«ЛогоВАЗ»** - **«Тэрч»** - **5:9**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** - **«Велес»** - **4:1**, **«Союз-Сэрмакъ»** - **«Автозапчасть»** - **2:3**, **«Бедик»** - **«Кэнжэ»** - **5:0**, **«Къэхъун»** - **«Псынэгуэнсу»** - **6:1**, **«Бахъсэн»** - **«Іэдиихуу»** - **2:0**, **«Спартак-Налшык-Д»** - **«Нарт»** - **0:0**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм бадзэуэгъуэм и 23-м щIидзэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	15	13	1	1	50-16	40
2. «Союз-Сэрмакъ»	15	12	1	2	50-25	35
3. «Тэрч»	15	11	1	3	42-20	34
4. «Къэхъун»	15	9	4	2	49-27	31
5. «Велес»	15	9	2	4	52-39	29
6. «Нарт»	15	8	2	5	43-33	26
7. «Бедик»	15	8	0	7	31-25	24
8. «ХьэтIохъущыкъуей»	15	7	3	5	33-32	24
9. «Псынэгуэнсу»	15	6	3	6	30-35	21
10. «ГорИс-179-Кавказкабель»	15	5	2	8	28-33	17
11. «Бахъсэн»	15	5	2	8	32-46	17
12. «Спартак-Налшык-Д»	15	3	4	8	28-29	13
13. «ЛогоВАЗ»	15	3	3	9	36-53	12
14. «Іэдиихуу»	15	3	2	10	24-48	11
15. «Родник»	15	2	1	12	27-56	7
16. «Кэнжэ»	15	1	0	14	25-63	3

● Сабий зыгъэпсэхуэгъуэ

Псы есыкIэ зрагъащIэ

Зыгъэпсэхуэгъуэ къагъэсэбэпауэ, къалэдэс сабий куэдым псы есыкIэ зрагъащIэ.

АБЫ гулъытэ хэха щыхуащI Налшык къалэ узынщагъэр егъэфIэкIуэныгъэ физкультурэмкIэ и Іуэхущ Іапэм.

Псы есыным дихьэх сабийхэм папщIэ мыбы щыIэщ метр 25-рэ си кIыхьагъ, метри 4-м щIигъу зи куугъ псыгъэн (бассейн). Иджыпей мардэхэм тету яуха псыгъэным хуиту щрагъэкIуэкI псым есыныкIэ щIыналъэ, къалэкIуэщI зэпеуэхэр.

Мы зэманым сабий куэд йокIуалIэ Налшык и «Искож» хьэблэм дэт «Дельфинчик» псы есыпIэм. Щхьэзытемылъ псыгъэным къращалIэ сабий куэд. ТетIысхьэпIэ тынщхэр къекIуэкIыу ягъэуващи, адэ-анэхэм цIыкIухэм я нэIэ трагъэтщ.

Псыгъэныр лэжьэнущ бжьыхь пщIондэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къарей Элинэ фрегъэблагъэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ бадзэуэгъуэм и 12-м сыхьэт 17-м модельер, дэрбэзр Сэралъп Мадинэ и Арт-Центрым щекIуэкIынущ. Выставкэр кьызэрагъэпэщынущ Сурэттехэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу. Къарей Элинэ игъэлъэгъуэнхэм еплъыну гукъыдэж зиIэ псори фрегъэблагъэ.



● Теплъэгъуэхэр

ХьэтIохъущокъуэм и хадэм. *2016 гъэ, бадзэуэгъуэм и 11 Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ФщIэн папщIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м къищтэнущ къэрал кIуэцI Іуэхухэмкlэ IэнатIэхэм щылэжьэнухэр

Нэхъыщхь, курыт унафэщI къулыкъуэр щыIэщ. А IэнатIэхэм щылэжьэнухэр:

♦Урысей Федерацэм и цIыхуу щытын хуейщ;

♦ныбжьыкIэ илъэс 35-м фIэмыкIа цIыхухъуэр;

♦ОВД-м къулыкъу щыщIэным я узыншагъэкIэ хуэкIуэхэр;

♦суд зытрамыщIыхьахэр;

♦хьэл-щэн зэтеубыда зиIэхэр;

♦Урысей Федерацэм дзэ къулыкъур щызыщIахэр;

♦нэхъыщхьэ, курыт-хэха (юридическэ) щIэныгъэ зиIэхэр.

Мы Іуэхум нэхъ пыухыкIауэ зыщыщвгъэгъуэзэфынущ 49-51-59 телефонымкIэ (сыхьэт 15-м щыщIэдзауэ 18-м нэсыху).

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ Іапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ямэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIамыщI Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Іуэхущ Іапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; съыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм и - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр зыхэмынмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Замир,** *корректорэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ІхьатIыкI Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.). Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбекъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №971